

Kategori : **ELÈV**

Pibliye : 20/01/11

Nimewo : **A-450**

Sijè: PWOSEDI POU TRANSFÈ ENVOLONTÈ

Paj : 1 nan 1

## **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-450 ki gen dat 22 jen 2009.

### **Chanjman yo :**

- Yo chanje referans yo te fè sou Direktè pou sispansyon elèv nan ISC/Direktè sekirite ak sispansyon nan CFN an Direktè borough pou sispansyon nan Biwo lekòl ak fòmasyon jèn Office of School and Youth Development(OSYD). (paj 1, Seksyon II(B); paj 2, Seksyon III; paj 3, Seksyon III(6); paj 3, Seksyon IV(A) ak IV(B); paj 4, Seksyon IV(C) ak IV(D))

**REZIME**

Règleman sa a kontwole transfè envolonntè elèv edikasyon jeneral, klas K-12. Li ranplase Règleman Chanselye A-450, *Pwosedì pou transfè envolonntè*, ki te gen dat 22 jen 2009.

**I. ENTWODIKSYON**

Regleman sa a dekri pwosedì pou fè transfè envolonntè elèv ki nan edikasyon jeneral (sa ki pa gen IEP) dapre seksyon 3214(5) Lwa edikasyon Eta Nouyòk.<sup>1</sup> Lè sa posib, yo ta dwe itilize lòt entèvansyon avan yo kòmanse pwosesis transfè envolonntè. Lè yon konpòtman ak/oswa dosye akademik yon elèv montre adaptasyon nan lekòl la pa satisfèzan epi si direktè a kwè ke elèv la ta gen avantaj nan yon transfè oswa li ta resevwa yon edikasyon apwopriye yon lòt kote, direktè a ka fè yon transfè envolonntè dapre regleman sa a. Yo ta dwe fè tout efò pou redui tout entèripsyon nan edikasyon elèv la.

[Sonje: Si yon elèv gen move konduit ki mande sispansyon, jan yo dekri I nan Kòd disiplin lan ak nan Regleman Chanselye ki koresponn lan, yo ta dwe pran mezi sispansyon.]

**II. PWOSEDI POU PREVANSYON****A. Mezi nan lekòl**

Pèsonèl lekòl la responsab pou devlope ak itilize teknik ak mezi ki ankouraje bonjan aprantisaj epi konsidere konpòtman ki gen efè negatif sou pwosesis edikasyon an. Lè konpòtman ak/oswa dosye akademik yon elèv endike adaptasyon I nan lekòl pa satisfèzan, pèsonèl lekòl la ta dwe devlope plan epi dekouvri teknik pou konsidere pwoblèm konpòtman yon elèv epi diskite mwayen sa yo ak elèv la ak paran l.<sup>2</sup> Plan sa yo ka gen ladan yo itilizasyon lòt materyèl edikatif ak/oswa lòt metòd, lòt teknik pou jere salklas, sèvis konpansasyon, lòt plasman nan klas, sipò pedagogik, ak sèvis pou konsidere sitiyasyon pèsonèl ak familyal. Yo ta dwe dekri tout efò yo fè pou prevansyon nan dosye elèv la. Si, nenpòt lè otorite lekòl la sispèk difikilte yon elèv ka yon konsekans yon andikap ki ta egzije sèvis edikasyon espesyal, lekòl la ta dwe voye yon rekòmandasyon imedyatman pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal ba Komite pou edikasyon espesyal Committee on Special Education(CSE).

**B. Transfè volontè**

Si efò yo fè pou adaptasyon elèv la nan lekòl la satisfèzan an echwe, epi direktè a kwè ke elèv la ap tire avantaj nan yon transfè oswa l ap resevwa yon edikasyon ki apwopriye nan yon lòt lekòl, lè sa a direktè a ka anvizaje yon transfè ak paran an. Si paran an dakò transfè a, epi direktè pou sispansyon elèv borough pou OSYD ki jwe wòl reprezantan Direktè egzekitif anchèf Chief Executive Officer (CEO) pou OSYD a dakò, yo ka fè yon transfè volontè. Direktè pou sispansyon elèv borough a, ap deside yon plasman apwopriye nan yon lekòl nan kolaborasyon ak direktè egzekitif biwo enskripsyon borough a/reprezantan biwo enskripsyon elèv Office of Student Enrollment(OSE). Si paran an pa dakò ak transfè a epi si direktè a vle transfere elèv la, kidonk yo dwe kòmanse pwosedì pou transfè ki tabli nan regleman sa a.

<sup>1</sup> Yo pa ka fòse yon elèv ki gen andikap transfere nan yon lòt lekòl k ap ba li menm pwogram y ap ofri I nan lekòl aktyèl li ye a. Si yo kwè yon elèv ki gen andikap gen bezwen yon pwogram edikasyon espesyal /sipòlki diferan paske konpòtman ak/oswa dosye akademik elèv la montre adaptasyon nan lekòl la pa satisfèzan, lè sa a lekòl la ta dwe fè yon reyinyon IEP.

<sup>2</sup> Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize nan regleman sa a ap vle di paran elèv la oswa gadyen oswa tout moun oswa ajans ki jwe wòl paran oswa ki gen gad elèv oswa elèv la, si li se yon minè emansipe oswa si li gen 18 lane.

Pandan I ap tann pwosesis transfè a fini, yon elèv dwe rete nan lekòl li ye a sòf si yo sispann li dapre Regleman chanselye ki anvigè a epi yo voye I nan yon lòt lekòl oswa sòf si paran an dakò pou yon transfè.

### III. KONFERANS AK DIREKTÈ A

Pou yo ka kòmanse pwosedi pou transfè a, direktè ap kontakte Direktè pou sispannyon elèv nan Borough a dabò. Si Direktè pou sispannyon elèv Borough a dakò pou konsidere yon rekòmandasyon transfè, direktè a ap pran mezi sa yo:

#### A. Avi

1. Direktè a/ reprezantan I ap voye avi alekri ba elèv la ak paran I pou di I ke y ap konsidere yon rekòmandasyon pou transfere elèv la. Lèt sa a dwe endike dat, lè ak kote yon konferans enfòmèl ap fèt ak direktè a epi yo dwe enfòmèl paran an ak elèv la sou dwa pou yon konsèy oswa yon moun yo vle akonpaye yo (gade dokiman siplemantè No. 1).
2. Lèt la ap di tou paran an gen dwa pou mande ak jwenn yon kopi dosye elèv la avan konferans lan.
3. Lèt la ap di tou ke si direktè a kwè transfè a nesèsè epi paran an pa dakò, paran an ap gen yon opòtinite pou mande yon deba avan yon transfè vin efektif.

#### B. Konferans enfòmèl direktè

1. Konferans direktè a bay paran, pwofesè ak lòt otorite lekòl la yon chans pou yo ka evalye done jistifye desizyon direktè a pou konsidere transfere elèv la. Li prezante yon opòtinite pou diskite bezwen akademik ak konpòtman elèv la ak tout lòt mezo oswa estrateji ke yo itilize avan pou konsidere bezwen sa yo.
2. Direktè a dwe fè konferans lan. Si yon paran mande yon sispannyon, direktè a ap repwograme konferans lan imedyatman. Yo pa p otorize okenn lòt demann pou repwograme konferans lan si pa gen sikonstans espesyal. Si apre ayo fin bay avi ki apwopriye, elèv la ak paran an absan, direktè a ap fè konferans lan epi I ap mete ladan efò otorite lekòl yo te fè pou asire yo prezan. Y ap enfòmèl paran an alekri sou konferans ki te fèt nan dat yo te prevwa a ak sou tout desizyon yo te pran.
3. Elèv la ak paran I ka vini ak yon avoka oswa yon lòt moun pou ede yo nan konferans lan. Direktè a ka mande otorite lekòl ki konnen elèv la ak difikilte adaptasyon pou I patisipe nan konferans lan, si sa nesèsè. Konferans lan pa yon pwosedi fòmèl ke yo konteste men se yon pwosedi pou gide epi li pa ta dwe vin gen kontradiksyon. Avoka a oswa defansè a ka patisipe dapre nati enfòmèl konferans lan.

Si lang paran an pale pi byen an pa anglè, paran an ka mande pou DOE bay I entèprèt si I kontakte direktè a avan dat konferans lan oswa li ka vini ak yon entèprèt pou ede I nan konferans lan.

4. Lè direktè a fin resevwa demann paran an, I ap ba I yon kopi dosye elèv la.
5. Apre konferans lan, si direktè a kwè yon transfè pa nesèsè, I ap konseye elèv la ak paran I alekri nan espas senk jou epi I ap mete rekòmandasyon pou estrateji pou satisfè bezwen elèv la.

6. Si direktè a deside ke elèv la ta benefisye si yo transfere l'oswa li ta resevwa yon edikasyon sifizan ak apwopriye nan yon lòt lekòl, direktè a dwe delivre yon rekòmandasyon pou transfè alekri ba Direktè pou sispansyon elèv borough a nan espas senk jou. Rekòmandasyon alekri direktè a dwe gen ladan l'yon deskripsyon pwoblèm konpòtman ak/oswa pwoblèm akademik ki di bezwen pou transfè ak yon deskripsyon lòt mwayen ki genyen ak mezi yo te pran avan pou rezoud pwoblèm elèv. Y ap bay elèv la ak paran l'yon kopi lèt rekòmandasyon direktè a (gade dokiman siplemantè No. 2).

#### IV. **DEBA BIWO LEKÒL AK FÒMASYON JÈN OFFICE OF SCHOOL AND YOUTH DEVELOPMENT (OSYD)**

##### A. Responsablite dabaz

Aprè li fin resevwa yon rekòmandasyon pou transfè nan men yon direktè, Direktè pou sispansyon elèv borough a ka:

1. Deside yon transfè envolontè pa apwopriye epi avèti direktè a ak paran an alekri ke yo ta dwe fè plis efò nan nivo lekòl la nan non elèv la; oswa
2. Aksepte rekòmandasyon direktè a pou konsiderasyon ak avèti elèv la ak paran an alekri sou transfè yo te pwopoze a ak dwa yo genyen pou mande yon deba, jan yo dekri l'pi ba a.

##### B. Avi

Direktè pou sispansyon elèv Borough a ap avèti elèv la ak paran an sou dwa pou mande yon deba. Lèt sa ap gen ladan enfòmasyon sa yo (gade dokiman siplemantè No. 3):

1. Rezon presi pou konsidere transfè sa a.
2. Yon deklarasyon ki di ke elèv la ak paran an gen dis (10) jou pou l'mande yon deba.
3. Avi ki di yo mande yon deba, dat, lè ak kote odyans lan ap fèt la epi transfè yo pwopoze a pa p efektiv jiskaske yo delivre yon desizyon alekri apre deba a sofsi paran an dakò alekri pou yon transfè imedya pandan y ap tann deba a. Sepandan, menm si paran an dakò pou yon transfè imedya, sa pa p konstitiye yon anilasyon dwa li genyen pou yon deba.
4. Avi ki di pa gen yon paran ki mande yon deba nan espas dis (10) jou, transfè yo pwopoze a ap efektiv apre delè dis (10) jou a fin pase sofsi paran bay konsantman alekri pou transfè a nan yon dat avan.
5. Avi sou dwa pou jwenn kopi dosye elèv la avan deba a. Avi a ap gen ladan tou yon lis ajans kominotè ki ofri asistans legal gratis oswa a pri redwi epi bay yon kopi pwosedi pou ale ann apèl.
6. Avi sou dwa pou vini ak konsèy pou ede yo nan odyans lan; elèv la ak paran gen dwa pou poze temwen yo kesyon epi prezante temwen ak prèv nan non elèv la epi mande pou yo ka voye lòd konparisyon pou temwen nan Biwo deba Hearing Office lan.
7. Avi sou dwa pou vini ak yon entèprèt oswa mande pou DOE bay yon entèprèt nan deba a si lang paran an pale a pa anglè.

Si paran an pa mande yon deba apre dis (10) jou fin pase oswa si paran an pa bay konsantman alekri pou transfè a avan sa, Direktè pou sispansyon elèv Borough a, nan kolaborasyon ak direktè egzekitif pou enskripsyon nan Borough a oswa reprezantan l'ap deside yon plasman lekòl ki apwopriye. Direktè pou sispansyon elèv Borough a ap voye yon lèt ba ni direktè lekòl elèv la ap transfere a ni ba direktè lekòl li prale a ak ba paran l'pou fè yo konnen nan ki lekòl elèv la ap transfere ak dat efektiv transfè a. Lekòl la dwe yon lekòl kote elèv la ap resevwa yon edikasyon ki apwopriye.

##### C. Deba (*Hearing*)

Si paran an mande yon deba, direktè pou sispansyon elèv Borough a ap pwograme yon

deba ak Hearing Office la imedyatman apres a nan limit posib..

1. Yo pa p fè yon deba si direktè lekòl la/reprezantan l pa prezan.
2. Si gen demann pou sispansyon yon deba, biwo Hearing Office lan ap repwograme deba a imedyatman. Yo pa p otorize okenn lòt sispansyon deba si pa gen sikonstans espesyal.
3. Yo ta dwe fè yon deba avèk elèv la ak paran li. Nan ka kote yo pa vini nan yon deba ki te repwograme yo ka fè deba a nan absans *in absentia* yo sofsi yo konsidere yon rezon valab pou yo ranvwaye deba a. Si yo fè yon deba *in absentia*, moun ki anchaj deba a ap dekri efò otorite lekòl la te fè pou garanti prezans paran an ak elèv la, epi y ap kontinye avèk deba a. Y ap enfòme elèv la paran an alekri sou deba ki te fèt nan dat yo te prevwa a ak sou tout desizyon yo pran.
4. Otorite lekòl la responsab pou montre ke elèv la ta benefisye si yo transfere l oswa l ap resevwa yon edikasyon ki apwopriye nan yon lòt lekòl.
5. Otorite lekòl la ak paran an ka prezante temwen epi poze yo kesyon, epi yo ka vini avèk prèv.
6. Ofisye ki responsab deba a gen otorizasyon pou fè temwen prete sèman ak bay lòd konparisyon *subpoenas* pou nenpòt temwen ki pa vle konparèt, epi li gen dwa pou egziye prezantasyon prèv avan li delivre yon lòd konparisyon. Swa otorite lekòl la swa paran elèv y ap konsidere transfè pou li a ka kontakte Hearing Office la pou mande yo delivre *subpoenas* pou temwen. Se otorite lekòl la k ap remèt *Subpoenas* pou anplwaye oswa elèv DOE yo. Elèv temwen pa ka konparèt san konsantman paran yo kit yo resevwa lòd konparisyon kit se yo ki dakò pou konparèt pou temwaye.
7. Y ap kenbe yon dosye ki anrejistre oswa ki tape motamo ak estenografi sou deba a. Y ap bay paran an yon kopi kasèt la oswa pwose-vèbal la si yo mande sa.

#### D. Desizyon

1. Nan espas dis jou apre deba a, Direktè pou sispansyon elèv Borough a dwe voye yon lèt ba direktè lekòl a ak paran an pou fè yo konnen desizyon li pran an ak rezon ki fè li pran desizyon sa a.
2. Si Direktè pou sispansyon elèv Borough a rejte rekòmandasyon pou transfè a, desizyon li pran alekri a ap endike sèvis edikatif ak pedagogik apwopriye, si genyen, pou yo bay nan lekòl kote elèv la ye kounye a.
3. Si Direktè pou sispansyon elèv Borough a apwouve rekòmandasyon pou transfè a, l ap decide plasman nan yon lekòl apwopriye, nan tèt ansanm avèk Direktè egzekitif pou enskripsyon Borough a/reprezantan l. Direktè pou sispansyon elèv borough a ap presize tou nan lèt la lekòl y ap transfere elèv la ak dat transfè a ap efektif. Lekòl la dwe yon lekòl kote elèv la ap resevwa yon edikasyon ki apwopriye. Direktè lekòl kote elèv la ap transfere a dwe resevwa tou avi sou transfè a.
4. Pou yo ka evite difikilte edikatif ki gen nan transfè ki fèt nan mitan semès la oswa nan mitan yon sik, yo ta dwe konsidere transfere elèv la nan fen semès oswa nan fen sik la. Pandan tan sa a, elèv la ap kontinye ale nan lekòl li ye a.
5. Yo pa p rekòmande ni egzekite transfè envolontè nan pwogram ki pa bay diplòm (paegzanp pwogram GED atan plen) oswa nan pwogram atan pasyèl pou okenn elèv, kèlkeswa laj yo.

6. Lèt ki soti nan men Direktè pou sispansyon elèv Borough ap bay elèv la ak paran li enfòmasyon tou sou dwa yo genyen pou mande rekonsidere desizyon an.

#### V. APÈL

Yo dwe fè tout apèl alekri epi voye ba Chanselye ar<sup>3</sup>.

Yo dwe fè yon apèl pou yon desizyon nan delè dis jou lekòl apati dat yo te pran desizyon an oswa nan delè dis jou apati dat yo resevwa kasèt anrejistreman an oswa pwosè-vèbal deba a, kèlkeswa sa ki rive apre a. Pandan y ap tann apèl la, elèv la prale nan lekòl kote yo te transfere l la. Elèv la oswa paran an ka mande Chanselye a yon desizyon pwovizwa konsènan transfè envolontè elèv la sèlman apre yo fin pran yon desizyon ak pandan apèl la poko fini. Yo dwe fè demann sa a alekri.

#### VI. RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou ta dwe voye yo nan :

	<i>Office of School and Youth Development</i>	
	N.Y.C. Depatman Edikasyon	
<u>Telefòn :</u>	52 Chambers Street – Room 218	Faks:
212-374-6784	New York, NY 10007	212-374-5751
	<i>Office of Legal Services</i>	
	N.Y.C. Depatman Edikasyon	
<u>Telefòn :</u>	52 Chambers Street – Room 308	Faks:
212-374-6888	New York, NY 10007	212-374-5596

<sup>3</sup> Apèl yo voye ba Chanselye a dwe ale jwenn tou anmenm tan *Office of Legal Services*, Room 308, 52 Chambers Street, New York, NY 10007 .